



# Enskri pou Kredi Egzanpsyon Taks Lekòl la (School Tax Relief, STAR)

Konpliman pou nouvo kay ou a! Se kay sa a pral rezidans prensipal ou, pran detwa minit ou enskri pou kredi STAR la.

Nouvo pwopriyetè kay ki kalifye yo pral jwenn ekonomi STAR yo ak yon chèk dirèkteman nan men Eta New York.

Men ou dwe enskri ak Depatman Taks Eta New York (New York State Tax Department) pou resevwa yon chèk kredi STAR.

Ou ka enskri 24 sou 24, 7 sou jou 7 nan [www.tax.ny.gov/star](http://www.tax.ny.gov/star)

Pwopriyetè ki pa gen yon òdinatè pou yo itilize ka enskri sou telefòn nan 518-457-2036 pandan lasemèn ant 8:30 a.m. ak 4:30 p.m.

Men kisa moun ki itilize aplikasyon Enskripsyon STAR nou an te di:

*'Li dirèk ak fasil pou itilize.'*

*'Li byen fasil pou itilize. Li fasil pou w pase etap pa etap.'*

*'Mwen panse li demach yo te pral pran yon pakèt tan...men se pa te vre.'*

## Èske ou kalifye pou STAR?

Si ou gen pwòp kay ou, li se rezidans prensipal ou, epi revni ou se \$500,000 oswa mwens, ou kalifye pou kredi STAR debaz la.

An plis, si ou gen 65 kan oswa plis ak yon revni \$88,050 oswa mwens, ou ka kalifye pou kredi STAR amerlyore a.

Nan premye ane ak nouvo kay ou a, ou ka kalifye pou egzanpsyon STAR la. Nan ane ki vini apre yo, dpei ou kalifye, n ap voye yon chèk STAR ba ou. Ou pa bezwen enskri ankò.

## Avan ou enskri, mete enfòmasyon sa yo bò kote ou:

- Non ak nimewo Sekirite sosyal tout pwopriyete ak mari/madanm yo.
- rezidans prensipal pwopriyetè yo ak mari/madanm yo.
- Anviwon ki dat ou te achte pwopriyete a, ak non vandè bòdwo taks lekòl ki pi resan an, si ou te resevwa youn
- Adrès nenpòt pwopriyete rezidansyèl oswa deklarasyon taks sou revni pou tout pwopriyetè nan yon lòt eta si pwopriyete a nan yon fidisi, non legal fidisi a
- deklarasyon taks sou revni federal oswa eta 2018 pou tout pwopriyetè (si ou pa te depoze yon deklareasyon taks 2018, y ap mande pou ou bay enfòmasyon finanse pou tout pwopriyetè taks.